



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO RAPLE NOUYÒKÈ YO POU PREPARE POU GWO VAN AK  
GWO LAPLI PANDAN KE TANPÈT TWOPIKAL ISAIAS AP DEPLASE AN  
DIREKSYON NÒ NAN KÒT LÈS LA**

*Resous pou repons ijans ajans Eta a yo ap deplwaye yon fason estratejik pou  
sitpòte lokalite yo*

*Tanpèt la pral afekte New York pandan èdtan lannwit lan epi li ap kontinye jiska  
madi*

*Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou planifye pou posibilite gwo van, gwo lapli  
ak inondasyon toudenkou*

*Remòk an tandèm ak remòk traktè vid yo entèdi soti sou Pon MTA yo soti midi  
rive aswè nan madi*

Gouvènè Andrew M. Cuomo raple Nouyòkè yo pou prepare pou gwo van ak gwo lapli pandan ke Tanpèt Twopikal Isaias ap deplase an direksyon nò nan kòt lès la. Yo prevwa ke tanpèt la ap atenn rejyon Nòdès la pandan èdtan lannwit lan epi li ap bay kondisyon ki sanble ak siklòn pandan jounen madi a. Anba enstriksyon Gouvènè a, ajans Eta yo ap siveye deprè pwogrè tanpèt la depi semèn pase a epi yo te depwaye davans resous yon fason estratejik nan rejyon sid Mid-Hudson, Vil New York ak Long Island, kote yo prevwa ki ka eksperimante pi gwo enpak yo. Gouvènè Cuomo egzòte Nouyòkè yo tou pou asire moun lakay yo prepare pou tanpèt la epi pou kontinye siveye previzyon meteyowolojik lokal yo pou enfòmasyon ki pi ajou yo.

"Modèl ki pi resan yo montre ke Nouyòkè yo bezwen prepare yo pou sistèm move tan sa a ki ap frape Eta a nan pwochen 24 èdtan yo, sa ki ap mennen avèk li gwo van ak gwo lapli ki gendwa mennen nan inondasyon lokal", **Gouvènè Cuomo te deklare.**

"Mwen te bay ajans Eta a yo enstriksyon pou deplwaye resous ijans nan zòn ki pwoblematik yo pou ede patenè lokal nou yo, epi mwen ap mande Nouyòkè yo pou yo dilijan epi rete prepare nan ka tanpèt la entansifye nan madi."

Aktyèlman yo te retwograde Isaias nan nivo yon Tanpèt Twopikal men yo prevwa ke li ap genyen ankò fòs siklòn avan li atenn Carolina byen ta nan lendi. Pandan tanpèt la ap deplase nan nò, yo prevwa kondisyon tanpèt twopikal yo ap pwopaje byen lwen nan nò jiska rejyon sid New England pandan apremidi madi a. Kòm rezilta, Sèvis Meteyowolojik

Nasyonan (National Weather Service, NWS) la te pibliye yon Avètisman pou Tanpèt Twopikal pou rejyon sid Mid-Hudson, Vil New York ak rejyon Long Island yo. Previzyon yo predi ke Nouyòkè yo nan rejyon sa yo ta ka eksperimante vitès van ant 64,37 ak 80,46 km pa èdtan, avèk rafal ki ap atenn prèske 112,65 km pa èdtan nan pik tanpèt la. Yo prevwa tanpèt la ap mennen an de (2) ak kat pous lapli nan New York, avèk posibilite jiska sis pous nan zòn ki ap eksperimante enpak pi lou yo, tankou Rejyon Sid Mid-Hudson lan. Vag tanpèt lokalize jiska ki ap monte jiska de (2) pye se yon posibilite tou nan tout liy kotyè a.

Sèvis Meteyowolojik Nasyonan la te pibliye tou yon kantite alèt sou inondasyon toudenkou ak lòt deklarasyon meteyowolojik pou zòn ki anviwonan yo. Nouyòkè yo kapab gade lis konplè avi sa yo, epi aksede ak dènye previzyon yo, lè yo vizite sitwèb Sèvis Meteyo Nasyonan la [isit la](#).

### Preparasyon Ajans

#### **Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services)**

Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la rete aktive akòz pandemi COVID-19 la epi pral siveye kondisyon meteyowolojik yo, kowòdone operasyon repons eta a epi rete an kontak avèk lokalite yo pandan tout dire evènman an. Rezèv Eta yo prepare tou pou deplwaye resous yo nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la. Sa gen ladan ponp, si, sak sab ak dlo nan boutèy. Anplis de sa, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control) Divizyon an te deplwaye davans ekip Rapid pou Sovtaj ak Rechèch Iben nan Dlo (Swift Water Urban Search and Rescue) a ki rete pare pou ede premye sekouris lokal yo sizoka sa nesesè. Yo ekipe ekip yo ak bato ak machin ak esye elve.

#### **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò Eta a pare pou li entèvni avèk 3,517 sipèvizè ak operatè disponib nan Eta a. Tout ekipman repons pou lapli/van/ak inondasyon ki disponib yo prepare pou deplwaye. Kantite ekipman nan tout Eta a se konsa:

- 1433 gwo kamyon baskil abèn.
- 48 kamyon chajè ki gen grapen yo
- 313 gwo chajè
- 16 kamyon aspiratè ak jè egou
- 28 ekskavatriis sou ray
- 47 ekskavatriis sou wou
- 61 traktè trelè ak trelè lowboy
- 14 kamyon nasèl pou ekip pou netwaye pye bwa yo
- 35 kamyon siyal sikilasyon
- 6 ponp dlo
- 77 kamyon dechiktez

Tout kote rezidansyèl ki afekte yo pral gen anplwaye pou operasyon 24/7 pandan tout dire operasyonèl. Sipò mekanik ap disponib 24/7 pou kenbe ekipman entèvansyon yo operasyonèl.

Yo pral plase davans ekip repons rapid pou inondasyon/debri yo nan Rejyon Mid-Hudson ak Long Island pandan lannwit madi a pou reyalize repons imedya pou nenpòt bezwen ki ta genyen. Yo pral rele ekip anplis yo jan sa nesèsè pou bay sipò anplis.

### **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Otorite Thruway la genyen 651 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk eskavatris ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmti yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab yo (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyo yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon meteyowolojik yo sou Thruway lan.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 207 Gwo Kamyon Baskil yo
- 123 Gwo Kamyon Baskil yo
- 60 Gwo Chajè
- 26 trelè
- 7 kamyon Aspiratè
- 10 Ekskavatris sou Ray
- 7 Ekskavatris sou Wou
- 11 Dechiktèz ak Bwòs
- 99 Twonsonez
- 21 kamyon aeryen
- 22 Chajèz ak direksyon
- 87 Jeneratris Pòtab
- 69 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway la ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou nan imèl TRANSalert, sa ki bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou otowout Thruway lan, gras a lyen sa a: [www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml](http://www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml). Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka swiv nou sou Twitter nan [@ThruwayTraffic](#) oswa lè yo vizite [www.thruway.ny.gov](http://www.thruway.ny.gov) pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York la yo.

### **Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority)**

MTA a ap pran tout prekosyon ki nesèsè pou pwoteje rezo transpò li a epi bay sèvis an tout sekirite.

Nan tout Transpò Vil New York (New York City Transit) la, Ray Tren Long Island (Long Island Rail Road), Ray Tren Metro-North (Metro-North Railroad) la ak Pon ak Tinèl MTA (MTA Bridges) yo, ekip yo te rasanble yon milyon galon kabiran dyezèl, 303,000 sak sab, 77,800 galon gazolin, 7,348 fèy playwoud, 884 twonsonez, 671 jeneratris pòtab, 422 baryè ki fèt ak beton oswa plastik, 264 ponp, 218 tòch, 198 tiyo pou rale ak jete dlo, 134 vantilatè, 79 veyikil pou repons ijans, 56 kamyon remòk/depane, 37 ekavatris, 33 pano mesaj varyab, 18 estasyon pou koleksyon done sou tan ak twa tren pou netwaye debri.

MTA a pral enstitye yon entèdiksyon tou sou remòk an tandèm yo ak remòk traktè vid yo sou pon li yo soti midi rive minwi nan madi.

Metro-North pral fonksyone nan yon kalandriye wikenn madi, nan bay sèvis pa èdtan tout jounen madi a, avèk sèvis chak de (2) èdtan ant Sidès (Southeast) ak Wassaic nan Liy Harlem (Harlem Line) ak chak twa èdtan nan branch Danbury a nan Connecticut.

Kliyan yo ta dwe pran prekosyon pou yo vwayaje an tout sekirite pandan ak apre gwo lapli ak van yo. Sa gen ladan kite tan vwayaj anplis, pran plis prekosyon lè ou ap mache sou platfòm yo ak eskalye yo, veye pou kondisyon glise yo ak rete veyatif pou branch bwa ak fil ki anlè yo.

Tout ajans MTA yo ap travay depre ansanm, nan kowòdone avèk patenè lokal yo pou devlope plan chanjman prevantif yo si sèvis yo ta va afekte.

### **Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)**

Otorite Pòtyè (Port Authority) ap ankouraje otomobilis yo pou yo pran prekosyon pandan tanpèt la. Restriksyon pou vitès yo nan pon George Washington ak Staten Island yo gendwa an vigè, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo.

Yo ap ankouraje vwayajè atravè ayewopò Otorite Pòtyè yo, estasyon tèminal ak bis yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta, anilasyon ak refè rezèvasyon yo. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou alèt PA yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo.

### **Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC)**

Ofisyè Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Dijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyo ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou

sovtaj nan dlo yo ak veyikil sèvis piblik yo, siyè yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Pak Eta (State Parks) ap siveye previzyon tanpèt la, epi pèsònèl rejyonal la ap alimante ak prepare Veyikil Sèvis Piblik/Veyikil Sèvis Touteren (Utility Task Vehicles/All-Terrain Vehicles, UTV/ATV) yo, jeneratris ak dechiketez bwa; idantifye ekip siyè yo; netwaye estrikti drenaj blokaj potansyèl yo, retire branch ak pyebwa danjere yo ak pozisyon davans sak sab yo bò etablisman yo konnen ki gen pwoblèm inondasyon yo. Yo ankouraje vizitè potansyèl yo pou vizite <https://parks.ny.gov/> pou mizajou sou nenpòt chanjman potansyèl nan èdtan operasyon etablisman yo akòz tanpèt la.

Ekip sèvis piblik ki soti nan Sèvis Piblik Elektrik ak Gaz Long Island (Public Service Electric and Gas Long Island, PSEG-LI) la pral plase kamyon ak founiti yo nan Pak Eta Bethpage (Bethpage State Park) nan pakin zòn piknik lan ak toupre paviyon an kòm previzyon pou tanpèt la.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta New York (New York State Police) bay tout Polisye Eta yo enstriksyon pou yo rete vijilan epi siveye kondisyon yo de pre pou si ta gen nenpòt ki pwoblèm. Yo pral deplwaye pèsònèl anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesesè. Yo pral deplwaye ak plase manm ekip rapid pou sovtaj nan dlo Lapolis Eta a pou repons rapid. Tout veyikil touteren yo ak tout veyikil espesyal yo, gen ladan bato yo ak veyikil sèvis piblik yo, an sèvis.

### **Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)**

Sèvis piblik New York genyen apeprè 4,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, entèkansyon ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsònèl Depatman Sèvis Piblik la pral swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman tanpèt la epi li pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsònèl ki apwopriye yo nan rejyon ke yo prevwa ki ka eksperimante pi gwo enpak yo. Anplis de sa, PSEG LI ak Con Edison te sekirize apwoksativman 1,800 travayè liy asistans respwòk anplis pou sipòte efò repons ak restorasyon yo a kòm rezilta enpak iminan Tanpèt Twopikal Isaias la.

### **Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA)**

Otorite Enèji New York la la ak Kòporasyon Kanal (Canal Coporation) la ap siveye Tanpèt Twopikal Isaias la. Pèsònèl la ap pran mezi prevantif ki nesesè yo pou asire kontinwite operasyon yo. Yo pa prevwa enpak operasyonèl NYPA a ak resous Kanal yo sou baz previzyon aktyèl yo, sepandan, pèsònèl la pral kontinye siveye mizajou yo ki soti nan Sèvis Meteyowolojik Nasyonal la epi li pral kowòdone avèk aktè entèn ak ekstèn yo.

### **Lòt konsèy sekirite**

Si ou ap vwayaje pandan gwo lapli, tanpri fè atansyon pandan ou ap kondwi epi sonje konsèy sekirite sa yo:

- PA eseye kondui nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- PA souzestime pwisans destriktè dlo k ap kouri vit. Dlo inondasyon ki mezire de pye e ki ap kouri vit yo ap leve machin ou an. Dlo k'ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.
- Kite bonè pou evite ke ou bloke sou wout ki inonde.
- Swiv wout yo rekòmande yo. PA inyore detou ijans yo pou ou ka al wè zòn ki inonde yo.
- Pandan ou ap vwayaje a, swiv emisyon Radyo Meteyo NOAA ak radyo lokal pou dènye enfòmasyon yo.
- Siveye wout ki inonde yo, glisman teren, dlo ki pete oswa tiyo prensipal ki pete, fil elektrik ki ap pandye oswa ki tonbe nan dlo yo, oubyen pyebwa k'ap tonbe oswa ki te tonbe yo.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi kreye inondasyon, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Pare pou inondasyon ak move tan vyolan:

- Konn konte kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou lamèn.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiasyon ijans.

Kenbe twous katastwòf la soulamen, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl

- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Si moun New York yo ap eksperimante yon entèripsyon kouran, moun New York yo ta dwe:

- Fèmen oswa dekonekte aparèy majè ansanm ak lòt ekipman yo, sa vle di, òdinatè yo, nan ka yon sichaj elektrik momantane ki kapab andomaje aparèy sa yo. Toujou kite yon anpoul limen pou ou ka konnen lè yo retounen bay kouran an. Konsidere itilize pwotektè pou sichaj kouran yo nenpòt kote ke ou itilize ekipman elektwonik.
- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite nan Eta New York yo, vizite Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Eta New York la. Tcheke pou w wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat (4) èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè ou mete plizyè kouch rad epi minimize tan ou pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen senptom sa yo.
- Si ou nan yon batiman ki wo, itilize eskalye yo epi ale nan nivo ki pi ba nan batiman an. Si ou bloke nan yon asansè, rete tann asistans. Pa eseye fòse pòt yo ouvri. Rete pasyan - genyen anpil lè epi anndan asansè a elabore pou sekirite pasaje yo.
- Sonje bay bèt domestik ou yo dlo fre.
- Elimine vwayaj ki pa nesèsè yo, espesyalman sa nan machin yo. Siyal sikilasyon yo pral sispann fonksyone pandan yon entèripsyon, sa ki ap kreye anbouteyaj ak kondisyon ki danjere pou moun kondui. Si ou dwe kondwi pandan yon blakawout, sonje obeyi règ arè 4 wout lan nan entèseksyon ak siyal sikilasyon ki pa fonksyone yo.
- Sonje ke ekipman tankou gichè automatik yo (ATM) ak asansè yo ka pa fonksyone.

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sit wèb DHSES la nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)